



NAETISL

National Association of
Educational Translators and
Interpreters of Spoken Languages



MODDC

Missouri
Developmental
Disabilities Council

Elèv k Ap Aprann Anglè ki Gen Andikap Yon Gid pou Paran

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



naetisl@gmail.com

NAETISL



Follow us



MODDC



moddc@moddcouncil.org



www.naetisl.org

www.moddcouncil.org



Elèv k Ap Aprann Anglè ki Gen Andikap Yon Gid pou Paran

1. Ki moun ki Se Elèv k Ap Aprann Anglè yo (ELs)?

Elèv k ap aprann Anglè yo se elèv ki pa gen Anglè kòm premye lang yo epi k ap devlope konpetans nan lang Anglè pandan y ap patisipe nan lekòl. Lekòl yo bay sèvis sipò nan lang pou ede elèv k ap aprann Anglè yo aprann Anglè epi reyisi nan matyè akademik yo.

2. Èske yon Moun k ap Aprann Anglè kapab gen yon andikap tou?

Wi. Gen kèk Elèv k Ap Aprann Anglè ki gen andikap ki afekte aprantisaj, kominikasyon, mouvman, sante, vizyon oswa tande, oswa konpòtman. Yo pafwa rele elèv sa yo "elèv ki idantifye doub" paske yo kalifye ni pousipò lang anglè ni pou sèvis edikasyon espesyal.

3. Kijan lekòl yo detèmine si yon Elèv k ap Aprann Anglè gen yon andikap?

Lekòl yo dwe pran prekosyon espesyal pou separe efè konpetans limite nan lang Anglè ak siy yon posib andikap.

Anvan yo fè tès pou pwoblèm andikap, lekòl yo:

- Revize istwa lang elèv la ak pwogrè li nan lang Anglè.
- Konsidere konbyen tan elèv la resevwa enstriksyon lang Anglè.
- Gade siksè enstriksyon an ni nan lang Anglè a ni nan lang natif natal elèv la.

Si elèv la gen difikilte nan toulède lang yo, lekòl la ka fè yon evalyasyon edikasyon espesyal nan yon lang oswa plizyè lang elèv la konprann pi byen.



4. Ki kalite evalyasyon yo itilize?

Evalyasyon yo ka gen ladan:

- Evalyasyon entèlektyèl ak akademik.
- Tès langaj ak lapawòl (nan toulède lang yo lè sa a posib).
- Obsèvasyon nan salklas.
- Kòmantè paran, pwofesè, ak anplwaye bileng yo.

Tout tès yo dwe jis, apwopriye sou plan kiltirèl, epi pa dwe gen patipri kont elèv k ap aprann Anglè.

5. Ki sèvis yon elèv yo idantifye ka benefisye de doub sèvis ka resevwa?

Elèv sa yo ka resevwa:

- Enstriksyon pou devlopman nan lang Anglè (ELD) nan men yon pwofesè Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) oswa yon pwofesè bileng.
- Sèvis edikasyon espesyal tankou terapi langaj, terapi okipasyonèl, oswa enstriksyon espesyalize.
- Akomodasyon tankou tan siplemantè, sipò vizyèl, oswa èd bileng.
-

Ekip IEP a, ki gen ladan paran yo, pran desizyon sou ki sèvis ELD ak edikasyon espesyal elèv la pral resevwa ak kijan yo pral bay sèvis yo. Toulède seri sèvis yo dwe kowòdone pou elèv la ka aprann byen nan toulède domèn yo.





6. Ki moun ki responsab pou bay sèvis sa yo?

Ekip edikasyon espesyal la ak anplwaye pwogram Elèv k Aprann Anglè a pataje responsablite yo. Yo travay ansanm pou planifye epi bay enstriksyon ki sipòte alafwa aprantisaj lang lan ak bezwen aprantisaj endividyèl elèv la.

7. Ki wòl paran an?

Paran yo jwe yon wòl enpòtan nan:

- Pataje enfòmasyon sou konpetans jeneral nan langaj ak pwèn fò pitit yo a.
- Patisipe nan reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yo.
- Poze kesyon epi eksprime opinyon yo sou sèvis ak objektif yo.
- Bay sipò nan aprantisaj nan lang matènèl la ansanm ak nan Anglè — toulède lang yo gen valè!

8. Kisa yo mete nan yon IEP pou yon Elèv k ap Aprann Anglè?

IEP a ta dwe:

- Dekri kijan bezwen langaj elèv la afekte patisipasyon li nan enstriksyon.
- Gen ladan objektif pou devlopman langaj ak pwogrè akademik.
- Presize kijan ak kiyès ki pral bay sèvis yo.
- Endike kijan lekòl la pral mezire pwogrè epi kominike li bay fanmi yo.

9. E si paran yo bezwen enfòmasyon nan lang natif natal yo?

Lekòl yo dwe bay entèprèt pou reyinyon yo ak dokiman tradui (tankou IEP, rapò evalyasyon, ak avi) nan lang fanmi an prefere lè sa a posib. Paran yo gen dwa pou yo konprann epi patisipe totalman nan desizyon konsènan pitit yo.





10. Kijan paran yo ka ede pitit yo lakay?

- Kontinye itilize epi devlope lang natif natal la — li ede nan aprantisaj Anglè.
- Kominike regilyèman ak pwofesè yo ak espesyalis yo.
- Ankouraje lekti, pale, ak aprann nan toulède lang yo.
- Selebren pwogrès nan ti etap — devlopman langaj ak aprantisaj pran tan.

11. Ki dwa elèv k ap aprann Anglè ki gen andikap ak paran yo genyen?

Elèv yo ak paran yo gen tout dwa dapre:

- Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA) — ki asire sèvis edikasyon espesyal.
- Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil ak Lwa sou Chak Elèv Reyisi (ESSA) — ki garanti aksès nan lang ak opòtinite edikatif egal.

Lekòl yo dwe asire yo pa refize elèv yo sèvis nan yon domèn akòz lòt la.

12. Ou toujou gen kesyon?

Pale ak kowòdonatè edikasyon espesyal lekòl ou a, kowòdonatè lang Anglè, oswa direktè a. Ou kapab kontakte tou Sant Fòmasyon ak Enfòmasyon pou Paran (PTI) eta w la pou ou jwenn sipò gratis.

13. Kijan mwen ka jwenn èd nan lang mwen?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a. Mande enfòmasyon alekri ki tradwi si w bezwen. Enfòmasyon ki disponib pou tout paran nan distri eskolè a ta dwe disponib pou ou tou.

